

VOYE PRE-APLIKASYON AN PA LAPÒS BAY:
Harborlight Homes
P.O. Box 507
Beverly, MA 01915

VOYE YON PDF OSWA FAKS:
applications@harborlighthomes.org
978-922-2874 (fax)

Si w pa enterese nan ankenn pwopriyete Harborlight Homes, tanpri chwazi tout sa ki aplikab yo annapre a pandan w ap make yon **X** anba Antre Sou Lisdatant lan. **OU SÈLMAN BEZWEN RANPLI YON (1) PRE-APLIKASYON.** Si w reponn ak kritè kalifikasyon ke yo presize a, y ap fè fotokopi Pre-Aplikasyon w lan epi pataje li ak Administratè Pwopriyete nan chak kote. Y ap mete Pre-Aplikasyon yo nan Lisdatant lan(yo) nan lòd yo te resewva yo a. Y ap retounen Pre-Aplikasyon enkonplè yo bay moun ki te voye li la. Tanpri sonje ke tan atant nòmal pou yon apatman nan tout pwopriyete Harborlight Homes se aktyèlman 2-5 lane.

AMI%(Salè Zòn Medyan), Entèval Salè, ak Entèval Lwaye sou 2023 HUD Limits pou Boston-Cambridge-Quincy MSA (Zòn Sèvis Metwopoliten) epi ki sijè ak revizyon anyèl. Revni minimòm aplike jan sa note a. Maksimòm revni koresponn ak gwozè fwaye maksimòm ki posib la. **Si Entèval Lwaye a genyen yon siy plis (+), sa vle di li pa genyen sèvis piblik.** Bon lojman mobil (egz: Seksyon 8, MRVP, VASH) ap aksepte ak kè kontan tout pwopriyete Harborlight Homes.

PWOPRIYETE	GWOSÈ FWAYE A	GWOSÈ APATMAN AN	AMI %	ENTÈVAL SALÈ	ENTÈVAL LWAYE	ANTRE SOU LISDATANT
Anchor Point 1 Beverly, MA	2- 4	2-chanm	30%	0\$-44 500\$	30% salè brit	
	2- 4	2-chanm	60%	54 966\$-89 040\$	1 603\$-2 004\$	
	3- 6	3-chanm	30%	0\$-51 650\$	30% salè brit	
	3- 6	3-chanm	60%	63 497\$-103 320\$	1 852\$-2 315\$	
Boston Street Crossing Salem, MA	1	Estidyo	30%	0\$-31 150\$	30% salè brit	
Lojman pou Fanmi (Plizyè Pwopriyete) Beverly, MA	1- 2	1-chanm	50%	38 153\$-59 400\$	\$1 112 - \$1 391 (+)	
	2- 4	2-chanm	50%	45 805\$-74 200\$	\$1 336 - \$1 670 (+)	
	2- 4	2-chanm	80%	73 124\$-118 450\$	\$2 132 - \$2 666 (+)	
	3- 6	3-chanm	50%	52 909\$-86 100\$	\$1 543 - \$1 929 (+)	
	3- 6	3-chanm	80%	84 480\$-137 450\$	\$2 464 - \$3 080 (+)	
	4- 8	4-chanm	50%	59 026\$-97 950\$	\$1 721 - \$2 152(+)	
Firehouse Place Hamilton, MA	1	Estidyo	30%	0\$-31 150\$	30% salè brit	
	1	Estidyo	50%	0\$-51 950\$	30% salè brit	
	1- 2	1-chanm*	30%	0\$-35 600\$	30% salè brit	
*1-chanm ki rezève pou laj (62+) ak bezwen aksesibilite; ranpli ak referans fèmen EOHLC.						
Friend Court Wenham, MA	2- 4	2-chanm	60%	54 966\$-89 040\$	\$1 603 - \$2 004 (+)	
Granite Street Crossing Rockport, MA	2- 4	2-chanm	30%	0\$-44 500\$	30% salè brit	
	2- 4	2-chanm	60%	54 966\$-89 040\$	1 603\$-2 004\$	
	3- 6	3-chanm	30%	0\$-51 650\$	30% salè brit	
	3- 6	3-chanm	60%	63 497\$-103 320\$	1 852\$-2 315\$	
Hardy Street Beverly, MA	2- 4	2-chanm	30%	0\$-44 500\$	30% salè brit	
	2- 4	2-chanm	50%	0\$-74 200\$	30% salè brit	
Sewall Building Marblehead, MA	2- 4	2-chanm	50%	45 805\$-74 200\$	\$1 336 - \$1 670 (+)	
	3- 6	3-chanm	50%	52 909\$-86 100\$	\$1 543 - \$1 929 (+)	
Stockwell Lane Wenham, MA	2- 4	2-chanm	80%	73 124\$-118 450\$	\$2 132 - \$2 666 (+)	





**ENPÒTAN
TANPRI LI ENSTRIKSYON SA YO AVAN W KONTINYE**



Sa a se yon pre-aplikasyon pou w patisipe nan youn oswa plizyè lisdatant lojman ekonomik ke Harborlight Homes ap jere. Tanpri rantrè tout enfòmasyon epi reponn tout kesyon yo dirèkteman. Mankman pou bay yon pre-aplikasyon konplè ka retade pwosesis revizyon an ansanm ak plasman w sou lisdatant lan(yo). **Kandida a dwe idantifye tout sous revni ak aktif finansye pou tout moun ki nan fwaye a ki genyen 18 oswa plis, sepandan, ou pa bezwen soumèt dokimantasyon pou revni ak aktif (egz. deklarasyon taks, atestasyon bankè, souch peman, elatriye.) nan moman sa a.** Si/lè w resevwa opòtinite pou w lwe yon apatman, l ap obligatwa pou w soumèt yon aplikasyon fòmèl, soumisyon revni ak dokimantasyon aktif, verifikasyon antesedan kriminel (CORI), ak rapò kredi pou kalifikasyon verifikasyon an.

Y ap mete so ak dat sou pre-aplikasyon ki ranpli yo epi mete yo nan lisdatant lan nan lòd yo te resevwa yo a. Soumisyon pre-aplikasyon sa a pa bay garanti ke w pral jwenn yon opòtinite pou lwe yon apatman. Si enfòmasyon kontak ou chanje, se responsablite w pou enfòmasyon Harborlight Homes sou chanjman sa yo. Lisdatant pwopriyete sipoze sibi yon renouvèlman chak ane pou konfime si kandida a enterese ak kalifikasyon preliminè li. Si nou pa kapab jwenn ou apre plizyè tantativ rezonab, n ap retire w sou lisdatant lan(yo). Si w genyen nenpòt kesyon oswa w enkyetid sou soumisyon pre-aplikasyon w lan, tanpri kontakte biwo nou an nan applications@harborlighthomes.org oswa 978-922-1305). Mèsi pou enterè w nan Harborlight Homes!

ENFÒMASYON KONTAK

Non Legal Kandida a _____
 Nimewo Telefòn _____ Imèl _____
 Adrès _____ Vil _____ Eta/Kòd Postal _____

ENFÒMASYON FWAYE A

Non Moun ki ta Dwe Rezide nan Lojman an (Non, Inisyèl Dezyèm Non, Siyati)	Relasyon ak Kandida a	Laj	Dat ou Fèt:	Nimewo Sekirite Sosyal
1	Kandida			____ - ____ - _____
2				____ - ____ - _____
3				____ - ____ - _____
4				____ - ____ - _____
5				____ - ____ - _____
6				____ - ____ - _____
7				____ - ____ - _____
8				____ - ____ - _____



KONDISYON APATMAN AN

Ki gwosè apatman w bezwen? Estidyo/1-Chanm 2-Chanm 3-Chanm 4-Chanm

Èske w gen yon kupon mobil asistans lwaye? Wi Non

(Nan ankenn sikonstan yo p ap fè diskriminasyon kont kandida ki genyen kupon pou detèmine apwobasyon pou yon pre-aplikasyon lwaye.)

Si se WI ki kalite kupon? Seksyon 8 MRVP VASH Lòt

Èske w aktyèlman sanzabri? Wi Non

Èske w gen bezwen yon apatman Aksesib pou Mobilite (ADA Tip 2)? Wi Non

Èske w bezwen yon apatman ki sipòte bezwen pou Andikap Sansoryèl (vizyon, tande)? Wi Non

Èske w ap patisipe oswa kalifye pou Sèvis Sipò pou Aktivite Lavi Chak Jou (ADL)? Wi Non

(Sa genyen ladann pwogram menm jan tankou PACE oswa SCO ki nan Element Care, oswa Community Choices oswa lòt ekivalan pwogram HCBS ki nan SeniorCare, ki se Pwen Aksè Sèvis Granmoun Aje Eta finanse pou rejyon sa a)

ENFÒMASYON JENERAL

Èske yo te janm mete w deyò lakay ou pou kèlkeswa rezon an? Wi Non Si wi, tanpri esplike: _____

Èske yo janm kondane w pou nenpòt krim? Wi Non Si wi, tanpri esplike: _____

Èske oumenm oswa nenpòt manm nan fanmi w finen? Wi Non Si wi, tanpri esplike: _____

Èske oumenm oswa nenpòt manm nan fanmi w itilize dwòg ilegal? Wi Non Si wi, tanpri esplike: _____

Èske oumenm oswa nenpòt manm nan fanmi w se yon delenkan seksyèl nan nenpòt eta? Wi Non Si wi, tanpri esplike: _____

Eske gen nenpòt lòt enfòmasyon w ta renmen di nou? _____

FÒM RAPÒ RAS AK ETNISITE (OCHWA)

Kategori rapò minorite genyen sèlman Endyen Amerik oswa Natif Alaska, Nwa oswa Afriken Ameriken, Natif Awayi oswa Zile Pasifik, oswa Lòt (ki pa blan); ansanm ak klasifikasyon etnik Ispanik oswa Latino. Tanpri gade enstriksyon ak definisyon kategori ki annapre a. Pa genyen sanksyon pou moun ki pa ranpli seksyon sa a nan aplikasyon an.

Kategori Etnik (Chwazi Youn)	Kandida	Lòt Moun ki nan Kay la
Ispanik oswa Latino		
Pa Ispanik oswa Latino		
Kategori Rasyal (Chwazi Tout Sa ki Aplikab yo)	Kandida	Lòt Moun ki nan Kay la
Endyen Amerik oswa Natif Alaska		
Azyatik		
Nwa oswa Afriken Ameriken		
Natif Awayi/ Moun Zile Paisifik		
Blan		
Lòt (ki pa Blan)		

ENSTRIKSYON POU FÒM RAPÒ ENFÒMASYON SOU RAS AK ETNISITE A

Pwopriyetè ak ajan yo genyen obligasyon pou ofri kandida/lokate a opsyon pou li ranpli fòm sa a. Fòm sa a dwe ranpli nan moman pre-aplikasyon oswa pandan siyati kontra lwaye a. Lokatè ki sou plas yo dwe jwenn opòtinite tou pou ranpli fòm nan, nan kad pwochen enterim oswa resètifikasyon chak ane yo. Yon fwa fòm nan fin ranpli li p ap bezwen ranpli ankò amwenske chèf fwaye a oswa konpozisyon fwaye a chanje. **Pa genyen sanksyon pou moun ki pa ranpli fòm sa a.** Sepandan, pwopriyetè oswa ajan an gendwa mete yon nòt nan dosye lokatè a ki di ke kandida/lokate a te refize ranpli fòm sa a. **Paran oswa gadyen yo dwe ranpli fòm nan pou timoun ki genyen mwens pase 18 an.**

1. Pami de kategori etnik ou ta dwe chwazi yo defini annapre a. Ou ta dwe tcheke youn nan de kategori yo:
 1. **Ispanik oswa Latino.** Yon moun kilti oswa orijin Kiben, Meksiken, Pòtoriken, Amerik Santral oswa Disid oswa lòt kilti oswa orijin Panyòl, kèlkeswa ras la. Tèm "Orjin Panyòl" la kapab itilize anplis "Ispanik oswa Latino."
 2. **Pa Ispanik oswa Latino.** Yon moun ki pa genyen kilti oswa orijin Kiben, Meksiken, Pòtoriken, Amerik Santral oswa Disid oswa lòt kilti oswa orijin Panyòl, kèlkeswa ras la.
2. Senk kategori rasyal pou chwazi pami yo defini annapre a. Ou ta dwe tcheke tout sa ki aplikab avèk ou yo:
 1. **Endyen Amerik oswa Natif Alaska.** Yon moun ki genyen orijin ni pami endijèn Amerik di Nò oswa di Sid (sa ki gen ladann Amerik Santral), ak kiyès ki kenbe afilyasyon tribal oswa atachman kominotè.
 2. **Azyatik** Yon moun ki genyen orijin ni pami pèp orijinal Ekstrèm Oryan, Azi Sidès, oswa soukontinan Endyen an ki genyen ladann, pa egzanp, Kanbòdj, Chin, End, Japon, Kore, Malezi, Pakistan, Zile Filipin, Tayland, ak Vyetnam
 3. **Nwa oswa Afriken Ameriken.** Yon moun ki genyen orijin ni pami nenpòt nan gwoup rasyal Afrik. Tèm tankou "Ayisyen" ka sèvi anplis "Nwa" oswa "Afriken Ameriken."
 4. **Natif Awayi/ Moun Zile Paisifik.** Yon moun ki genyen orijin pami pèp orijinal Awayi, Guam, Samoa, oswa lòt Zile Pasifik.
 5. **Blan.** Yon moun ki genyen orijin pami pèp orijinal Ewòp, Mwayen-Oryan, oswa Afrik di Nò.

REVNI

Site revni tout manm fwaye a ki genyen laj 18 an oswa plis ki site nan pre-aplikasyon pou rezide nan apatman an, tankou salè, sipò pou timoun, avantaj Sekirite Sosyal, tout kalite pansyon, anlwa, Konpansasyon Chomaj, Konpansasyon Travayè, pansyon alimantè, avantaj andikap oswa lanmò oswa nenpòt fòm revni. Adilt ki genyen zewo (\$0) revni pral bezwen soumèt yon deklarasyon notarye si/lè yo ba yo opòtinite yon apatman pou lwe. Si w bezwen plis espas, tanpri ajoute yon lòt fèy.

Sous Revni		Adrès/# Telefòn Sous la	Montan BRIT pa Ane
1			
2			
3			
4			
TOTAL			

AKTIF

Site tout kont bankè yo (chèk ak epay), CD, aksyon, obligasyon, kont retrèt, obligasyon epay, byen imobilye, ak/oswa nenpòt lòt envestisman ki annapre a. Si w bezwen plis espas, tanpri ajoute yon lòt fèy. Aktif fwaye a pa genyen ladann pwopriyete pèsonèl. Apatman ekonomik la dwe rezidans prensipal, tan plen w.

Kalite Aktif		Non Bank/Koperatif Kredi	# Kont	Valè oswa Balans
1	Kont chèk			
2	Kont epay			
3	Kont retrèt			
4	Lòt: _____			
5	Lòt: _____			
6	Lòt: _____			
TOTAL				

SITIYASYON ANPLWA

Tanpri bay enfòmasyon pou chak manm fwaye a ki anplwaye ki genyen 18 oswa plis pou nenpòt travay regilye, okazyonèl, tanporè oswa revni sezonye.

Non Anplwaye a: _____

Okipasyon: _____

Anplwayè Aktyèl la: _____

Adrès Anplwayè a: _____

Non ak Tit Sipèvizè a: _____

Dat Anboch: _____ Salè Brit Pa Ane: _____

Non Anplwaye a: _____

Okipasyon: _____

Anplwayè Aktyèl la: _____

Adrès Anplwayè a: _____

Non ak Tit Sipèvizè a: _____

Dat Anboch: _____ Salè Brit Pa Ane: _____

Non Anplwaye a: _____

Okipasyon: _____

Anplwayè Aktyèl la: _____

Adrès Anplwayè a: _____

Non ak Tit Sipèvizè a: _____

Dat Anboch: _____ Salè Brit Pa Ane: _____

Non Anplwaye a: _____

Okipasyon: _____

Anplwayè Aktyèl la: _____

Adrès Anplwayè a: _____

Non ak Tit Sipèvizè a: _____

Dat Anboch: _____ Salè Brit Pa Ane: _____

SÈTIFIKASYON KANDIDA

1. Mwen/Nou sètifye ke fwaye a genyen ____ moun, jan dokiman montre sa la a.
2. Mwen/Nou sètifye ke kantite revni fwaye a se \$ _____, jan dokiman montre sa la a.
3. Mwen/Nou sètifye ke enfòmasyon nou bay nan pre-aplikasyon sa a se verite epi yo kòrèk nan pi wo nivo konesans ak kwayans mwen sou pèn sanksyon fo deklarasyon. Mwen konprann ke enfòmasyon ki fo oswa manke gendwa debouche sou diskalifikasyon pou plis konsiderasyon
4. Mwen/Nou sètifye ke pa genyen manm fanmi ki genyen enterè finansye nan devlopman an(yo).
5. Mwen/Nou konprann ke soumisyon yon pre-aplikasyon pa bay garanti ke n ap kapab lwe yon apatman. Mwen konprann ke y ap verifye tout enfòmasyon ki nan aplikasyon an, epi yo gendwa mande, verifye ak revize enfòmasyon finansyè anplis avan lokasyon apatman an. Mwen konprann tou ke pwopriyete pwojè a pral fè pwòp evalyasyon li pou detèmine kalifikasyon.
6. Mwen/Nou otorize Harborlight Homes verifye tout enfòmasyon finansyè ak enfòmasyon fwaye a epi mande nenpòt anplwayè, pwopriyete oswa enstitisyon finansye pou pibliye nenpòt enfòmasyon bay Harborlight Homes ak pwopriyete pwojè a pou detèmine kalifikasyon.
7. Mwen/Nou konprann ke si revni mwen/nou depase 140% maksimòm otorize epi nan moman detèminasyon anyèl pou kalifikasyon, nan moman fen tèm lwaye m nan, mwen p ap kalifye pou lwaye ekonomik la (sa ki aplikab pou pwopriyete LIHTC sèlman)

Mwen/Nou te ranpli pre-aplikasyon an epi te revize ak konprann pwosesis ki pral sèvi pou distribye apatman disponib yo. Mwen kalifye sou baz direktiv pwogram nan epi dakò pou m konfòme m ak règlemantasyon obligatwa yo.

Siyati Kandida a

Dat

Siyati Ko-Kandida a

Dat

Harborlight Community Partners, Inc. dba Harborlight Homes pa fè diskriminasyon nan seleksyon kandida yo sou baz ras, koulè, orijin nasyonal, andikap, laj, zansèt, timoun, estati fanmi, enfòmasyon jenetik, eta sivil, resepsyon asistans piblik, relijyon, sèks, oryantasyon seksyèl, idantite sèks, estati veteran/militè, oswa nenpòt lòt baz lalwa entèdi.

Kandida ki genyen andikap gendwa mande (i) modifikasyon nan apatman oswa devlopman an, oswa (ii) akomodasyon nan règ, politik, pratik, oswa sèvis si modifikasyon ak akomodasyon sa yo nesèsè pou fasilite opòtinite egal pou itilize ak byen pwofite lojman an.

YO GENDWA FÈ FOTOKOPI POU DISTRIBISYON ENTÈN SÈLMAN



OTORIZASYON JENERAL POU PIBLIKASYON ENFÒMASYON

Non Kandida a: _____

Adrès Kandida a: _____

Mwen, endividi ki gen non yo site anvan an, te otorize Harborlight Homes pou verifye enfòmasyon ke mwen te bay, nan sous ki annapre yo (presize).

- Child Care Expenses
- Tribinal
- Konpozisyon Fanmi
- Ajans Aplikasyon Lalwa
- Biwo Kredi
- Anplwa
- Travay Endepandan
- Konpansasyon Chomaj
- Pansyon
- Anuite
- Sekirite Sosyal
- Sekirite Salè Sipleman
- Ajans Asistans Piblik Eta a
- Ajans Sekirite Anplwa Eta a
- Konpansasyon Travayè
- Asirans Sante ak Aksidan
- Avantaj Veteran
- Avantaj Federal, Eta oswa Lokal
- Bank, Koperatif Kredi
- IRA, CD, 401k, 403b
- Enterè, Dividann
- Enstitisyon Finansye, Entèmedyasyon
- Fon Mityèl
- Pansyon Alimantè, Sipò pou Timoun
- Lòt Revni - Kado Regilye oswa Alokasyon yon Lòt Moun
- Komisyon, Tep, Bonis
- Pwopriyete, Istorik Lwaye
- Idantite ak Eta Sivil
- Asistans Depans pou Andikape
- Prim Asirans Medikal
- Depans Medikal ki pa Ranbouse
- Frè Lekòl ak Inivèsite

MWEN BA W PÈMISYON POU W PATAJE ENFÒMASYON SA A AK: Harborlight Homes, sijè ak kondisyon ke li rete konfidansyèl. Mwen t ap apresye atansyon rapid ou pou bay enfòmasyon ke yo mande w nan paj ki akonye Harborlight Homes nan entèval (5) jou apre w fin resevwa demann sa a.

Mwen konprann toujou ke yon fotokopi otorizasyon sa a valid nan menm nivo ak orijinal la. Mèsi pou asistans ak koperasyon w.

Siyen sou pèn ak sanksyon fo deklarasyon:

Siyati Kandida a

Dat